



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN KONSTRIKSYON SANT SANTE INIVÈSITE ST. JOHN KI FÈK RENOVE A

*Gouvènè a rejwenn ofisyèl lokal yo ak lidèchip Inivèsite a pou fè yon vizit nan
Sant Syans Sante St. Vincent ak nouvo etablisman fòmasyon baskètbòl la*

[Gade foto vizit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman konstriksyon nan Sant Syans Sante Inivèsite St. John (St. John's University Health Sciences Center) ki fèk renove ak etablisman baskètbòl ki pral amelyore kominote Queens la epi ki pral bay opòtinite eksepsyonèl pou eksperyans edikatif elèv yo.

"Avèk envèstisman kontinyèl nan kolèj ak inivèsite New York yo, n ap ede premye enstitisyon edikatif nou yo rete modèn pou opòtinite edikatif yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè finansman sa a, n ap bay elèv atravè mond lan opòtinite pou swiv pasyon yo, fè koneksyon, epi ankouraje yo rete nan New York apre yo fin gradye."

Gouvènè Hochul te fè yon toune nan nouvo Sant Syans Sante St. Vincent, ki ta dwe ouvri an septanm lè elèv yo rive pou semès otòn la. Nouvo bilding akademik ki efikas an enèji a pral genyen sal klas aprantisaj aktif, laboratwa, enstalasyon similation, espas biwo, espas kolaborasyon, ak teras anplennè. Etablisman sa a te resevwa 5 milyon dola nan finansman eta an 2021 atravè Pwogram Sibvansyon Kapital pou Edikasyon Siperyè (Higher Education Capital Grant Program, HeCap) ak 700,000 dola nan Finansman Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Eta a.

Gouvènè a te vizite tou yon nouvo sant pratik baskètbòl modèn, ki te bati ak sipò yon prim 3 milyon dola HeCap nan mwa jen ki sot pase a. Nouvo etablisman an pral sèvi bezwen chak jou nan pwogram Baskètbòl pou Gason ak Fanm Red Storm yo. Pwojè a pral devlope an konjonksyon avèk yon renovasyon Taffner Field House pou kreye yon sant rekreyasyon kanpis premye plan pou kominote Inivèsite a.

Prezidan Minisipalite Donovan Richards Jr., Senatè Toby Ann Stavisky, Prezidan Inivèsite St. John's, Papa Brian J. Shanley, Manm Asanble Nily Rozic, PDG ak Prezidan

Empire State Development Corporation lan Komisè Hope Knight, ak Prezidan Konsèy DASNY an Lisa Gomez, te rejwenn ouvènè Hochul.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul la, Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Envestisman nan Edikasyon Siperyè a te pèmèt kanpis yo toupatou nan Eta a fè envestisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ak ekipman yo pandan y ap kreye travay nan sektè konstriksyon an. Kanpis ki ap resevwa sibvansyon yo gen obligasyon pou yo envesti omwen 3 dola ki soti nan pwòp fon pa yo pou chak 1 dola finansman Eta ke yo resevwa.

Depi kreyasyon HECap an 2005, Eta New York te bay 368.1 milyon dola nan finansman 307 pwojè nan fakilte ak inivèsite yo atravè Eta New York. Prim sa yo te mennen nan yon total 1.10 milya dola nan envestisman depi kòmansman pwogram nan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)